



Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 12 MILYON DOLA POU ANGAJE MOUN KI GEN BEZWEN SANTE MANTAL KONPLÈKS YO**

*Finansman an pral etabli twa nouvo ekip angajman entansif ak dirab pou sèvi vil New York, Long Island ak rejyon Rivyè Hudson*

*Ekip kamarad yo dirije a fè pati [plan istorik Gouvènè Hochul](#) pou transfòme sistèm swen sante mantal Eta New York*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sibvansyon 12 milyon dola pou devlope twa nouvo Ekip Angajman Entansif ak Dirab pou sèvi kominote nan Vil New York, rejyon Rivyè Hudson ak nan Long Island. Prim yo, Biwo Sante Mantal eta a jere, pral pèmèt twa founisè sèvis devlope ekip miltidisciplinè kamarad ap dirije epi ki pral bay sèvis sipò kominotè entansif pou Nouyòkè ki gen bezwen konplèks ki gen difikilte pou konekte ak fòm tradisyonèl swen sante mantal yo.

"Nouyòkè ki te retabli de pwoblèm sante mantal oswa yon kriz nan tan pase twouve yo nan yon pozisyon inik pou ede moun sa yo ki gen difikilte jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou pran yon apwòch global, ekip konpetan sa yo pral ede bati konfyans pami moun ki gen bezwen konplèks sante mantal epi sipòte yo pandan y ap navige ak anbrase sèvis ki pral ede rekiperasyon yo".

Baltic Street AEH Inc. nan Vil New York; Asosyasyon Sante Mantal Westchester; ak Hands Across Long Island yo chak te resevwa 4 milyon dola sou senk ane pou etabli ekip sa yo. Finansman an pral ede òganizasyon sa yo devlope yon ekip miltidisciplinè ki gen ladan yon lidè ekip kamarad, anplwaye sipò, yon lyezon fanmi, ak pwofesyonèl ki gen lisans, tankou yon travayè sosyal ak yon enfimiyè pratikan.

**Komisè Biwo Sante Mantal la, Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Pwogram sipò kamarad yo gen yon istorik ki pwouve efikasite yo lè sa gen pou wè ak ede angaje moun ki gen bezwen sante mantal ak fizik konplike. Ekip sa yo pral ede limen espwa pami moun y ap sèvi yo, montre yo ke rekiperasyon an posib ak reyalizab. Prim sa yo, tankou lòt ki dekri nan plan istorik Gouvènè Hochul la, ap ede nou abòde mank ki genyen nan sèvis yo epi bay pi bon swen sante mantal pou tout Nouyòkè yo".

Ekip yo reprezante yon apwòch volontè, kamarad yo ap dirije pou amelyore aksè a resous kominotè ki nesese yo nan fason ki gen mwens restriksyon ak pi santre sou moun nan mezi posib. Ekip yo, ke kamarad sètifye yo ap dirije, fasilite koneksyon ant moun yo angaje yo ak kominote a, tretman, ak lòt sipò.

[Etid nasyonal](#) yo montre ke sipò kamarad ka ede jwenn, angaje ak konekte ak moun ki gen pwoblèm pou konekte ak sèvis sante mantal tradisyonèl yo. Pandan ke pwofesyonèl kamarad yo sipòte lòt moun sou chemen rekiperasyon an, yo anseye tou konpetans pou lavi epi ede moun ki gen pwoblèm sante mantal yo mennen yon lavi ki gen siksè ak sans nan kominote a.

Enterè prensipal ekip yo se sou moun yo idantifye kòm gwo risk oswa ki gen bezwen sante mantal konplèks epi yo gen entansyon ede konble vid pou moun k ap kite prizon, lopital oswa lòt anviwònman enstitisyonèl. Pwogram nan vize tou pou fè kontak ak angaje moun ki istorikman absan nan sèvis tradisyonèl yo men ke yo idantifye kòm moun gen risk.

Finansman pou ekip yo fè pati plan 1 milya dola Gouvènè Hochul pou amelyore sistèm swen sante mantal Eta New York lè li ajoute kapasite nan tout sistèm nan, elaji pwogram ki egziste deja yo ki gen yon istorik siksè, ak finansman nouvo inisyativ ki baze sou prèv ki vize pou konble vid ki genyen yo. Adopte nan kad Bidjè Eta ane fiskal 2024 la nan mwa me, plan sa a pral elaji anpil aksè, diminye tan datant, epi asire nivo swen apwopriye pou tout Nouyòkè k ap viv ak maladi mantal.

Pan Gouvènè Hochul la gen ladan touji sèvis kominotè pou pasyan ekstèn yo, kreye nouvo inite lojman sipò pou sèvi Nouyòkè ki gen maladi mantal, ak bati pwogram devlopman ki gen yon istorik siksè ki pwouve. Plan an baze sou investisman anvan yo te ki fèt nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, sa ki ede fèmen twou vid ki genyen yo epi asire ke sistèm nan byen sèvi bezwen swen sante mantal tout Nouyòkè ki nan kriz yo, ki gen ladan popilasyon majinalize ak vilnerab yo.

**Direktè Egzekitif Jeneral Alliance for Rights, Harvey Rosenthal, te deklare,** "Modèl INSET la te demontre rezilta trè enpresyonan nan deplwaye sipòte kamarad a kamarad pou angaje ak siksè ak volontèman moun ki bezwen sèvis sante mantal san yo pa itilize òdonans tretman envolontè. Nou trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Komisè Sullivan paske yo te bay ajans ki kamarad yo dirije avèk yon investisman solid pandan senkan nan premye inovasyon sa a nan nasyon an".

###